

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nurutkeun wangunna sastra téh kabagi tilu, nya éta lancar (prosa), ugeran (puisi), jeung carita (drama). Isnéndés (2010) nétélakeun yén prosa mangrupa karangan dina rakitan basa sapopoé, lancar, sarta teu ngolah intonasi anu matok. Anapon puisi mangrupa karangan nu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun diksi, ungkara kalimahna teu cara basa sapopoé. Sedengkeun drama nya éta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, pikeun dilalakonkeun ku aktor dina pagelaran drama. Prosa, puisi, jeung drama dipasing-pasing deui nurutkeun wangunna. Salah sahiji conto wangun puisi nya éta sajak. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 66), sajak gelarna panganyarna jeung sumebar dina wangun tulisan. Dina kamekaranna sajak pernah ditolak alatan cenah lain bibit buit sastra Sunda tur mangrupa pangaruh sastra deungeun. Tapi kiwari sajak tuluy mekar tur jadi salah sahiji karya sastra Sunda anu penting pikeun dipikanyaho. Karya puisi dina wangun sajak katitén loba. Ku kituna medal rupa-rupa buku sajak. Boh buku kumpulan sajak atawa buku antologi sajak. Salah sahiji contona nya éta buku *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua (1980)* hasil panalungtikan Iyo Mulyono, Spk.

Dumasar kana kurikulum 2013 édisi revisi, sajak jadi salah sahiji materi pangajaran di sakola boh keur siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA. Pikeun siswa SD/MI sajak diajarkeun di kelas II jeung IV. Pikeun siswa SMP/MTs. sajak diajarkeun di kelas VII, pikeun siswa SMA/SMK/MA sajak diajarkeun di kelas X.

Nu jadi dasar pasualan dina ieu panalungtikan nya éta kapanggihna pasualan dina milih sajak-sajak anu luyu pikeun siswa, boh keur siswa SD/MI, SMP/MTs. boh SMA/SMK/MA. Ilaharna ku lobana sajak aralus anu sumebar di masarakat ieu pasualan teu kudu karandapan, tapi kanyataanna loba sajak anu aralus teu diwanohkeun komo deui dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Sajak anu dipaké bahan pangajaran salila ieu kacida heureutna, malah mah katitén sajakna éta deui éta deui ti taun ka taun téh.

Dina materi sajak anu aya dina kurikulum téh dipiharep ayana conto-conto sajak anu luyu jeung jenjang atikan. Ku sabab salila ieu conto-conto sajak anu aya kurang mekar jeung can kauji kaluyuanna. Dina ieu panalungtikan panalungtik teu bisa sagawayah dina nangtukeun sajak mana anu luyu pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA. Dina nangtukeun sajak nu luyu tangtu panalungtik kudu maluruh ieu sajak dumasar katangtuan anu merenah. Léngkah kahiji disawang tina kurikulum matéri sajak. Dumasar kana kurikulum, sajak anu luyu pikeun diajarkeun ka siswa SD/MI téh kudu luyu kana téma. Téma anu dimaksud dina ieu kurikulum téh nya éta téma *indahnyaneu negeriku*. Anapon pikeun siswa SMP/MTs. Sajak anu luyu dumasar kurikulum téh disawang tina topik. Topik anu dimaksud dina ieu kurikulum téh nya éta sajak nu loba warnana anu miboga ajén inajén anu alus saluyu jeung kamajuan psikologi siswa. Pamungkas, sajak anu luyu pikeun siswa SMA/SMK/MA dumasar kurikulum téh disawang tina topik. Topik anu dimaksud dina ieu kurikulum téh nya éta kakayaan bahasa Sunda (idiom, kosa kata) dina karangan sajak. Léngkah kadua dina nangtukeun sajak anu luyu pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA téh kudu disawang tina buku téks. Tangtu eusi buku téks gé kudu jadi salah sahiji tinimbangan pikeun nangtukeun sajak anu luyu pikeun jenjang atikan. Léngkah katilu nya éta kudu disawang tina pamadegan guru mata pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda. Ieu hal téh jadi salah sahiji hal anu penting sabab guru anu apal kondisi jeung kabutuhan siswa di lapangan. Léngkah kaopat bisa disawang tina salah sahiji pamadegan Endraswara (2005, kc. 12) ngeunaan sarat sajak anu bisa dijadikeun bahan ajar téh kudu dumasar kana sajak anu luyu keur siswa. Pamungkas, léngkah kalima sajak anu luyu téh kudu disawang tina kaéndahan jeung mangpaatna éta sajak boh pikeun siswa, guru, ogé masarakat.

Lima katangtuan di luhur téh dipaké minangka nangtukeun kacindekan awal dina milihan sajak anu satuluyna bakal dianalisis dumasar kana kurikulum sajak salaku bahan ajar, buku téks pangajaran sajak, pamadegan guru mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, kabutuhan siswa, jeung kaéndahan ogé mangpaatna ieu sajak pikeun balaréa. Saterusna hasil tina kacindekan awal tadi dianalisis dumasar kana unsur struktur sajak nurutkeun I.A. Richard (dina Isnéndés 2018) anu netelakeun yén hiji

sajak bisa dipikawanoh strukturna dumasar kana jejer, rasa, nada jeung amanat. Lian ti analisis unsur strukturna ieu sajak dianalisis dumasar unsur pangwangunna oge. Unsur pangwangun anu dipaké nya éta nurutkeun Alton C. Morris (dina Isnéndés 2018) anu nétélakeun yén unsur pangwangun sajak téh ngawengku diksi, imaji, kecap nyata, gaya basa, jeung purwakanti. Saréngsena ieu sajak dianalisis tahapan tadi. Sajak-sajak pinilih anu geus dicindekeun kaluyuanna dumasar jenjang atikan téh diuji coba ka siswa unggal jenjang atikan sangkan ngahasilkeun sajak pinilih anu paling tepat. Sarengsena kabéh tahapan dilaksanakeun sajak-sajak pinilih téh dijadikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda anu mangpaat pikeun guru ogé siswa di sakola.

Ieu panalungtikan ngeunaan sajak téh dina pangajaran sastra Sunda, lain panalungtikan anu munggaran. Panalungtikan ngeunaan sajak geus loba digarap ku panalungtik saméméhna boh dina wangun tésis boh skripsi, diantaranya panalungtikan Acép Deri Cahyadi taun 2013 dijudulan “Kajian Struktural, Stilistika, jeung Étnopédagogi dina Kumpulan Sajak Période Taun 2000-an”. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan struktur batin sajak, stilistika, jeung étnopedagogi, panalungtikan Gian Hervyagi taun 2013 dijudulan “Model Pangajaran Explicit Insruction pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Sajak”. Dina ieu panalungtikan museur kana modél pangajaran explicit dina pangajaran nulis sajak, panalungtikan Taufik Al Rasyid taun 2013 dijudulan “Éféktivitas Média Flipchart pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak”. Dina ieu panalungtikan museur kana éféktivitas média flipchart dina pangajaran nulis sajak, panalungtikan Tyas Agung Pratama taun 2014 dijudulan “Média Photostory dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak”. Dina ieu panalungtikan museur kana média photostory anu dilaksanakeun saméméh jeung sabada nulis sajak dina pangajaran nulis sajak sarta béda signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média photostory, panalungtikan Rena Rahmawati taun 2014 dijudulan “Média Vidéo dina Pangajaran Nulis Sajak”. Dina ieu panalungtikan museur kana nguji média vidéo dina pangajaran nulis sajak sarta mikanyaho kamampuh awal jeung ahir siswa dina nulis sajak Sunda, panalungtikan Selra Sucia Fitri taun 2014 dijudulan “Téhnik Musikalisasi dina Pangajaran Maca Sajak”. Dina ieu panalungtikan museur kana kamampuh siswa dina pangajaran maca pamahaman sajak

saméméh jeung sabada digunakeun téhnik musikalisasi jeung bébédaan nu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik musikalisasi, panalungtikan Riksa Sukma Wibawa taun 2015 dijudulan “Analisis Struktural dina Kumpulan Sajak Titimangsa Karya Abdullah Mustappa”. Dina ieu panalungtikan museur kana struktur batin sajak, panalungtikan Taufik Al Rasyid taun 2016 anu dijudulan “Kajian Struktur Sajak dina Kumpulan Puisi Modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Puisi di SMA Kelas XI”. Panalungtikan ieu museur kana kajian struktural sajak nurutkeun Roman Ingarden nu ngawengku lapis sora, lapis harti, lapis objék, jeung lapis dunya.

Anapon dina widang jurnal panalungtikan ngeunaan puisi anu luyu pikeun tingkatan sakola pernah digarap dina widang jurnal *Lingua* (2014) ku Mukh Doyin. Panalungtikanna museur kana nalungtik puisi-puisi anu luyu pikeun siswa SD. Sedengkeun panalungtikan ngeunaan sajak anu luyu tur merenah pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA can pernah aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan “Kumpulan Puisi *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* Hasil Panalungtikan Iyo Mulyono, Spk. pikeun Alternatif Bahan Ajar Sastra Sunda (Ulikan Unsur Struktur jeung Unsur Pangwangun Sajak)” luyu pikeun dilaksanakeun.

Luyu jeung pedaran nu geus dijéntrékeun, katitén yén kasang tukang ieu panalungtikan téh museur kana sajak-sajak pinilih anu aya dina buku kumpulan sajak *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua (1980)* hasil panalungtikan Iyo Mulyono, Spk. pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah Panalungtikan

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ambahan ieu panalungtikan teu lega teuing, ieu panalungtikan téh diwatesanan luyu jeung kasang tukang nu geus dipedar di luhur, nya éta unsur struktur, unsur pangwangun sajak, jeung sajak-sajak pinilih anu aya dina buku kumpulan sajak *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* pikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sababaraha masalah anu baris dipaluruh dina ieu panalungtikan dumasar kana watesan masalah di luhur.

1. Sajak-sajak mana waé anu aya dina buku kumpulan puisi *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* nu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda?
2. Kumaha unsur struktur jeung unsur pangwangun sajak anu aya dina buku kumpulan puisi *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua*?
3. Kumaha kacindekan ahir dina nangtukeun sajak anu luyu pikeun SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA sanggeus 48 sajak anu dianalisis dumasar kana unsur struktur, unsur pangwangun sajak, jeung hasil uji coba wawakil siswa unggal jenjang atikan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun ngeunaan kumpulan puisi *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar Sastra Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Nu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. Sajak-sajak mana waé anu aya dina buku kumpulan puisi *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* nu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda.
2. Unsur struktur sajak jeung unsur pangwangun sajak anu aya dina buku kumpulan puisi *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua*.
3. Kacindekan ahir dina nangtukeun sajak anu luyu pikeun SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA sanggeus 48 sajak dianalisis dumasar kana unsur struktur, unsur pangwangun sajak, jeung hasil uji coba wawakil siswa unggal jenjang atikan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa méré pangdeudeul élmu ngeunaan sajak pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar Sastra Sunda. Ieu panalungtikan bisa ogé jadi bahan keur nambahan élmu pangaweruh dina widang sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat:

1. Pikeun Guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif dina milih bahan ajar sajak di sakola.
2. Pikeun Siswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun média pikeun menangkeun conto-conto sajak anu luyu jeung jenjang atikan.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, nya éta:

Bab I Bubuka

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II Sajak, Struktur, Unsur Pangwangun

Bab II medar ngeunaan kajian pustaka (landasan tioritis) dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan tiori sajak, struktur sajak, unsur pangwangun sajak, jeung bahan ajar sajak.

Bab III Métodologi Panalungtikan

Bab III medar ngeunaan metodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Analisis Data jeung Bahasan

Bab IV medar ngeunaan data, analisis data, jeung bahasan. Dina ieu bab diébréhkeun hasil panalungtikan ngeunaan sajak-sajak mana waé anu aya dina buku kumpulan sajak *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* nu luyu pikeun dijadikeun

alternatif bahan ajar sastra Sunda, ulikan struktur sajak jeung unsur pangwangun sajak anu aya dina buku kumpulan sajak *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua*, jeung kacindekan ahir dina nangtukeun sajak anu luyu pikeun SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA sanggeus 48 sajak anu dianalisis dumasar kana unsur struktur, unsur pangwangun sajak, jeung hasil uji coba wawakil siswa unggal jenjang atikan.

Bab V Panutup

Bab V mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, saran jeung rékoméndasi pikeun nu maca.